ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№80 (23.238) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Радиацэм пыщIа гуэзвэгъуэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ехьэлIа Iуэхухэр къэралым щокIуэкI. КIуэкIуэ Юрий Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм и лъэужьхэр гъэзэкIуэжыным елэжьахэм захуигъэзащ

Мы зэманым къэралым щокIуэкI Радиацэм пыщIа гуэзвэгъуэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ехьэлIа Iуэхухэр. Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм и лъэужьхэр гъэзэкIуэжыным хэтахэм яхуэгъэзэ мыпхуэдэ псалъэхэр интернетым и Instagram напэкIуэцIым иритхащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий:

«Илъэс 30 ипэкIэ къэхъуащ XX лIэщIыгъуэм техникэм пыщIа и гуэзвэгъуэ нэхъ ин дыдэр - Чернобыль АЭС-р къэуащ.

Абы и Iуэрыгъуэхьэр гъэзэкIуэжыным пыщIа псэзэпылъхьэпIэм я гъащIэмэ узыншагъэми щымысхьыжу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм фIыуэ къагурыIуэрт зыпэрыува лэжьыгъэр зэрышынагъуэр, ауэ псэемыблэжу икIи хахуэу я къалэнхэр ягъэзэщIащ.

ХэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжу ди гум илъынщ. Гуэзвэгъуэшхэр къызэнэкIыным хэлэжьыхьахэм яхуэгъэзэ фIыщIэр гъунапкъэншэщ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

СНГ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэ центрыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ предприятэ нэхъ ин дыдэхэм зэрадэлэжьэнум хуэхьазырщ

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А., «СНГ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэ центр» сатум пымыщIа Iэнатi Iэм и зэзыгъэуIуэ советым и тхьэмадэ Казаков А. Б. сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ республикэм и промышленностым, машинэ зыщI Iэнатi Iэм, энергетикэм, фармацевтикэм, нэгъуэщIхэми хибыдэ предприятэ нэхъ ин дыдэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIуцIэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитIми я сэбэп хэлъу зэдзэлэжьэным, ди щIыналъэм и сату-экономикэ зэфIэкIым, туристрекреацэ комплексым зегъэужьыным, КъБР-м щагъэзащIэ инвестицэ проектхэм хэлэжьыхьыным пыщIа Iуэхухэм. Казаков Анатолий зэрыжиIамкIэ, зэрыщыту СНГ-м япэ щрагъэщыр икIи нэхъыбэкIэ уэщыщыгъуэ хъунэ Iэнатi Iэкэр туризмэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэщ. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хэкIыпIэшхуэкэр щыIэщ. ЩIыуэпсым и кIуледеягъым къыдэкIуэу иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ Iэнатi Iэ хэхахэм я инфраструктурэм зегъэужьыным хузгъэзауэ: иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэ лъэщхэр хьэзыр ящIащ, «Мир» станцым щегъэжьауэ «Гарабаши» станцым нэс кIуэ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъуэгур къызэIуахащ.

ЛъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэм нэхъри зрагъэужьыным, экономикэхэм я зэфIэкIхэр зэщIагъэуIуэн папщIэ СНГ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэ центрым и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахыну къыхахьхьащ. Рынок зэIуха зэтегъэувэн, коммуникацэм и иджырей дунейпсо системэхэр коммерческэ лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпым мурадкIэ, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэ центрым и зэфIэкIыр хуэзыщIегъэуIуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм: предприятэхэр информацэкIэ къызэрегъэпэщ, налог, таможнэ законодательствэм, финанс рынокым, юридическэ дэIэпыкъуныгъэм и лIэужьыгъуэхэм ятеухуа чэнджэщхэр егъэхьэзыр, СНГ-м хиубыдэ къэралхэм я щыналъэхэм инновацэ проектхэр щыпхегъэкI.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Егоровэ Татьянэ Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я советым и зэIущIэм макIуэ

Мэлыжьыхьым и 29-м Санкт-Петербург щекIуэкIынущ Урысей парламентаризмэм и махуэм, Урысейм и Къэрал Думэр къыдэзыгъэграгъэпэщ Iэ илъэси 110-рэ зэрырикъум я щIыхькIэ Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я совету Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и деж щыIэм къыдэригъэпэщ зэIуцIэр. Абы хэтынущ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ КъБР-м и Парламентым и спикерыр Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я советым социальнэ политикэм пыщIа IуэхуэмкIэ и комиссэм зэрыхэтыр.

ЗэIуцIэм щытепсэлъыхьынущ къэрал властым и лIыкIуэ органхэм Урысей Федерацэм и Президентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Зэрызыхуигъэзар гъэзэщIэным зэрелэжьым, иджырей лъэхъэнэм нэхъ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъунымкIэ политикэр пхыгъэкIым хуэгъэза закон лъабжьэкэр зэрагъэхьэзырым.

Парламентархэм я мурадщ «Урысей Федерацэм стратегие планхэр зэрыщIыгъэхалъхьэм и IуэхукIэ 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-р гъэзэщIа зэрыхъум, Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я советым дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм пыщIа IуэхуэмкIэ и комиссэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуа информацэм, урысей законодательствэм и нобэрей щытыкIэм теухуа отчётым едэIуэну.

ЗэIущIэм апхуэдэу зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьэнущ Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я советым и Президиумымрэ комиссэхэмрэ.

ЗэIущIэм ирихьэлIэу Урысей хэкэрал тхыдэ архивым и фондхэм урысей парламентаризмэм зэрызыжьам теухуауэ къыхаха тхыгъэхэм я выставкэ къыдэзрагъэпэщынущ, «Урысейм и парламентаризмэр къыдэрежьар» фильмыр ягъэлъэгъуэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ Законхэр къыдэзыгъэкIхэм я совету Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и деж щыIэр 2012 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдэрагъэпэщауэ зэрыщытар. Федеральнэ Зэхуэсым и палатэхэм я чэнджэщагъэу органым и зэфIэкIыр хуеунэтI Урысей Федерацэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм я унафэм хиубыдэкэр зэхэгъэщхьэхукIыным хуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкIымкIэ закон лъабжьэхэр къызэрызэрагъэпэщыр зэгъэуIуным, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм къэпщытэныгъэм хуэгъэза я полномочиехэр гъэзэщIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, законхэр къыдэгъэкIыным и лъэныкъуэкIэ парламентхэм я зэфIэкIыр зэгъэуIуным.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

«Заман» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэм я деж

Ди ныбжьэгъу лъапIэхэ, ди лэжьэгъуэх!

Ди къуэшхэм я «Заман» газетым и мин 20-нэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ. Газетым ныбжьыфI иIэми (илъэс 92-рэI), губзыгъагъэмрэ IэкIуэлъакIуагъэмрэ я мызакъуэу, номер къэскIэ ивогъэфIакIуэ хьыбархэр и зэманым утыку къызэрифлъхьэр, аналитикэ тхыгъэхэр зэрывгъэхьэзырыр, газетым и напэкIуэцIхэм я тепльэр. Журналистхэр я Iэщ Iагъэм зэрыхуIэкIуэлъакIуэр сэбэп мэхъу «Заман» газетыр Iуэхухэр дэгъэкIыным тэмэму хэтыныкIэ, газетым еджэхэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ, абыхэм граждан жыдэжрагъ яхэлъхьэныкIэ, зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэныкIэ, экстремизмэм и щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ.

Редакцэм и лэжьакIуэ гупым яхуэзэфIэкIащ балъкъэр лъэпкъыр зытегущыIэзэныхьхэмрэ абы и ехьулIэныгъэхэмрэ къагъэлъэгъуэнымкIэ «Къэрэхьэлъкъ», «Коммунизмге жол» газетхэм зэтрагъэувауэ щыта хабзэ нэхъыбэхэр яхъумэн. Лъэпкъ газетым и журналистхэм Урысейм и иджырей тхыдэщIэм къахуигъэуващ блэкIам мыхъумыщIагъэу хэлъахэр яубзыхуну, иджырей зэманым и щытыкIэр тэмэму зэпкърахыну икIи а Iуэху мытынышм фэ фыполъэщ, хьыбарегъащIэ Iэнатi Iэр гъащIэм и пэжымрэ зэхэщIыкI нэсхэмкIэ фогъэнщI.

Гъэсэныгъэшхуэ зэрыхэлъым къыхэкIыу газетым нобэрей фейдэм тримыщIыхьу, нэхъ жыжьэ маплъэ. «Адыгэ псалъэм» и фIэщ мэхъу XXI лIэщIыгъуэм «Заман» газетыр гъащIэм къыгъэув къалэнхэм, лъэпкъыр зыхуэплъэхэм екIуу зэрыщытынур, лъэпкъым и акъылымрэ и гурыщIэхэмрэ я джакIуэу зэрекIуэкIынур.

«Заман» газетым и мин 20-нэр къыщыдэкI махуэм абы и дэтхэнэ лэжьакIуэри и Iэщ Iагъэм ехьулIэну, сыт щыгъуи фIыр я гъуаззу, я творческэ зэфIэкIым хагъахъуэу, узыншагъэ, мамырыгъэ яIэну, ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Урысей Федерацэр зэпымыуэ ефIэкIуэну дохъуэхъу.

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм я цIэкIэ газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.**

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 28, *махуэку*

♦Лэжьыгъэр хуэмэным и дунейпсо махуэщ, 2003 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦1563 гъэм Москвэ лэжьэн щыщIидзащ япэ типографием, Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётррэ ящIам. Ахэращ тезыдзар япэ тхылъыр.

♦1925 гъэм РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым къыдигъэкIащ «Къалэдэсым и цIэ-унэцIэр, и адэцIэр зэрыт и тхылъым ар щыпсэу щыпIэри къыщыгъэлъэгъуэным теухуауэ» унафэр.

♦1955 гъэм Ленинград къыщызэрагъэпэщащ офицерхэр щрагъаджэ, Суворовым и цIэр зезыхьэ еджанIэр.

♦2001 гъэм космонавтхэм ящIыгъуу япэ дыдэу хьэрщым лъэтащ турист. «Союз ТМ-32» кхъухьым ису хьэрщым кIуащ космонавтхэу Мусабаев Талгат, Батурин Юрий, Америкэм щыщ мелуанырыбжэ Тито Денис сымэ. Ахэр дунейпсо хьэрщ станцым махуихкIэ щыIащ, космонавтхэм щIэщIыгъэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну. Денис ильагъуэм сурэт, видео ятрикыу, и гъусэхэм «яхуэпщафIэу».

♦Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъху-пхъурылъхуу 3 щыгъэкIуа шапсыгъ анэ **ЩхьэлахьуэУ Чэбэхъан** къызэраулъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжа имылъагъуу дунейм ехьажащ ар.

♦ШэрджэстхакIуэ **ДышэкI Мухьэмэд** къызэраулъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Банионис Донатас** къызэраулъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Ираким и президенту илъэс 24-кIэ щыта **Хьусейн Саддам** къызэраулъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Испанием и актрисэ цIэрыIуэ, а къэралым щыщу «Оскар» саугъэтыр ялъэзыгъэфэща **Крус Пенелопэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщыкIуэнущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 29, *мэрем*

♦Къафэм и дунейпсо махуэщ

♦Химие Iэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ дунейм ехьажахэм я фэеплъ махуэщ

♦США-м щагъэлъапIэ жыг хэсэным и махуэр

♦1770 гъэм Австралиер зэрыщыIэр къахутащ.

♦1897 гъэм инджылыз физик, профессор Томсон Джозеф электрон къызэригъэтар хэIущIыIу ищIащ.

♦1942 гъэм Къардэн Къубатий Ленин орден ятIуанэу къратащ.

♦1964 гъэм Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ балетыр.

♦Урысейм и император **Романов Александр II** къызэраулъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Крылов Николай** къызэраулъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦ЛIыжкIэ къызэдэжэн спорт лIэужьыгъуэм цIэрыIуэ щыхъуа, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп джэгухэм плIэнейрэ, дуней псом бгъуэнейрэ щытекIуа, Совет Союзым и чемпионкэ 39-рэ хъуа **Кулаковэ Галинэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Удовиченкэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ теннисист цIэрыIуэ, олимп чемпион **Агасси Андре** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщыкIуэнущ. Хуабэр махуэм градуси 9 – 11, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Умылъытэр уимыIэ пэлъытэщ.

ТУТЫКЪУ Анзор: «Иужьрей илъэситIым сабий зеиншэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр щитIым щIигъу щаухуащ»

Дзэлыкъуэкъуажэ иджыблагъэ щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм фэтэрыщIэхэм я Iункъыбзэлухэр щратащ сабий зеиншэхэм ящыщу зыбжанэм. 2012 гъэм мазаем и 29-м къащта Федеральнэ закон №159-м ипкъ иткIэ къэралым и пщэ дилъхьэжащ ахэр балигъыпIэ щиувэм ирихьэлIэу щыпсэун фэтэрхэмкIэ къызэригъэпэщыну.

Япэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабий зеиншэхэм фэтэрхэр къыхуащхэу щытамэ, иужьрей илъэсхэм абыхэм папщIэ тыншыпIэ псори зиIэ унэхэр яухуэ. Мис апхуэдэ псэупIэщ Дзэлыкъуэкъуажэ щатар. «Иужьрей илъэситIым къриубыдэу сабий зеиншэхэм папщIэ республикэм фэтэр щитIым щIигъу хьэзыр щащIащ икIи мы программэр адэкIи ягъэзэщIэнущ, - жиIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу Анзор. - Мы гъэм фэтэрищэм щIигъу хьэзыр ящIын хуейщ. Программэм хиубыдэу унэщIэкэр щатащ Аруан, Лэскан районхэм».

Министрым зэрыжиIамкIэ, сабий зеиншэхэм ящыщу псэупIэ хъыщратынум поплъэ щIыхь мин хуэдиз. Абыхэм папщIэ тыншыпIэ псори зиIэ унэхэр щыныкIэ республикэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэ къэс егъэзащIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Накъыгъэм дауэ зыдгъэпсэхуну?

Накъыгъэ махуэшхуэхэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъу. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр куэду зэрыхэтым къыхэкIыу ахэр къахуэмыгъэсу поплъэ. УФ-м и Правительствэм махуэшхуэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм щытехуэ къызэрыхъум къыхэкIыу илъэс къэс щIэуэ еубзыхуж дызэрыдэсыну пIалъэр.

МЫ ГъЭМ и накъыгъэ мазэм дызэрыдэсынри наIуэ хъуащ: мэлыжьыхьым и 30-р щэбэт махуэщ - зыгъэпсэхугъуэщ. Накъыгъэм и 1 махуэшхуэр тхьэмахуэм зэрытехуам къыхэкIыу ар накъыгъэм и 2-м, блыщхьэм, ягъэIэпхъуэ. Накъыгъэм и 3-м, гъубж махуэм, щIышылэм и 2-м папщIэ зыдогъэпсэхуж.

Накъыгъэм и 4 - 5-хэр лэжьэгъуэ махуэщ. Накъыгъэм и 6-м лэжьэгъуэ зэманыр зы сыхьэткIэ ягъэкIощIащ. Накъыгъэм и 7, 8, 9-хэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэщ. Накъыгъэм и 10-м лэжьэгъуэ тхьэмахуэм щIедзэжри, махуиплкIэ йокIуэкI. АдэкIэ мазэр иухьхукIэ махуэшхуэм хухэха зыгъэпсэхугъуэ щыIэнукъым.

Псори къызэщIэпкъуэжмэ, мэлыжьыхьым и 30-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 3 пщIондэ - махуиплкIэ - зыдогъэпсэху. АдэкIэ махуищкIэ долажьэри, махуищкIэ зыдогъэпсэху - накъыгъэм и 7-м щегъэжьауэ и 9 пщIондэ.

ТХЬЭХУЩIНЭ Ланэ.

Медицинэ Iуэхущ Iапи Iэщ Iэ Дзэлыкъуэкъуажэ щолажьэ

Район сымаджэщым хиубыдэу Дзэлыкъуэкъуажэ къыщызэIуахащ гъуэлъапIи 10 зыщIэт гинекологие къудамэ. Абы махуэкIэ сымаджэщым екIуалIэурэ зызыгъэхъужыныхэр зыщIэлъын пэши хэтщ. Медицинэ Iуэхущ Iапи Iэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ, унэлъащIэкIэ зэгъэпэщащ.

«МЫ IУЭХУМ ди дежкIэ мэшыкIэ зэхэ иIащ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэныкIэ министр Шэт Ирмэ. - Медицинэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ящыщ куэдым я унэхэр, зэрылажьэ Iэмэпсымэхэр жьы дыдэ хъуащ. Абы къыхэкIыу республикэм и унафэщIхэм къаруушхэу ирахьэлIэ Iэнатi Iэр къэгъэщIэрэщIэжьным. ГинекологиемкIэ сымаджэщым и къудамэр районым из щыхубзхэм ящыщу 600-м щигъум гъэ хъэс еIэзэнущ. Япэхэм апхуэдэ сымаджэхэм я нэхъыбэм нэгъуэщI къалэхэм кIуэурэ загъэхъужьын хуей хъурт».

ИУАН Руслан.

Налшык щыпсэухэмрэ ди хьэщIэ лъапIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм дызыхуэкIуэ гуфIэгъуэ махуэхэм Абхъазым и утыкур цIыху зэблэкIыпIэу зэрыщытынум къыхэкIыу абы къыщыщызэрагъэпэщ тхьэмахуэ жармыкIэхэр иримыгъэкIыну триухуащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 30-мрэ накъыгъэм и 1-мрэ жармыкIэ щыIэнукъым, ГуащIэрыпсэухэм я зэкъуэтынигъэм и дунейпсо махуэм зэрытехуэм къыхэкIыу.

Накъыгъэм и 7 - 8-хэми жармыкIэр зэхыхьэнукъым 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщыхтха ТекIуанэгъэ Иным и махуэр щагъэлъапIэм зэрытехуэм щхьэкIэ.

Гулъытэ зыгъуэтыпхъэм трагъащIэ

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм Къэрал Думэм кIуэну яхуэфащэу кынгъэлъэгъуахэр зыхэт зэIущIэ мэлыжьыхьым и 23-м щекIуэкIащ партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетымрэ Къабардей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетымрэ. «Урысей зэкъуэтым» и гъэзэщIакIуэ комитетым я Iуэхущ1апIэм щекIуэкIа зэIущIэм къалъэгъуахэм ящыщу хэтащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен, КъБР-м и Парламентым спортымрэ туризмэмкlэ и комитетым и унафэщI Къардэн Мурат, хьэрычтыншIэ Морозов Виктор, машинэ щаухъэ «Троттер» заводым и унафэщIым и къуэдзэ Тхьэмокъуэ Анзор, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкlэ и министр Шэт Ирмэ сымэ. Iуэхур екIуэкIащ «Лъэпкъым и узыншагъэр туризмэм, спортым, щэнхабзэм зрагъэужьыкIэрэ егъэфIэкIуа зэрыхъуну щыкIэр» фIэщыгъэм щIэту.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ депутат хъуну хуейхэм я Iуэху еплъыкIэр къыщагъэлъагъуэ мыпхуэдизкIэ зэхьыхьэжьмэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Гулъытэ зыгъуэтыпхъэу къальытэм трагъащIэу къэпсэльащ зи цIэ къитIуахэр, итIанэ абыхэм жэуап ирагащ кърихьэлIахэм я упщIэхэм, кIэух псалъи жаIэжащ.

- Республикэм Iэмал хъарзынэкIэ иIэщ туризмэм, спортым, курортхэм зригъэужьыну. А Iэмалхэр республикэм щыпсэухэм я узыншагъэр егъэфIэкIынымкIи къэдгъэсэбэпу, ди щIыналъэр узыншагъэм щыкIэльыплъ, зыщагъэпсэху хэгъуэгу нэхъыфIхэм хабжэныр эзгъэзэхъуплIэфынущ, - жиIащ Тхьэмокъуэ Анзор, икIи абы папщIэ щIапхъэхэм къытеуывдащ. Тхьэмокъуэм къыхихигъэщащ курорт, спорт Iуэхущ1апIэхэм (зыгъэпсэхуплIэхэм, хьэщIэщхэм, санаторэхэм) я лэжьыгъэр зэманым декIуу зэтраублэн папщIэ къэралми хьэрычэтыщIэ щхьэхуэхэми яIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

Къэжэр Хъусен нэхъ зытригъэщIар республикэм цIыхубэ спортым зыщегъэужьынырщ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ щIыналъэ зыгъэпсэхуплIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэгъэпэщыным гулъытэ лей зэрыхуэщIыпхъэрщ.

Къардэн Мурат жиIащ школхэм зэрыщрагъаджэр, псом хуэмыдэу къуажэхэм, егъэфIэкIуэн, сабий зэчиифIэхэм защIэгъэкъуэн хуейуэ. Ар къытеуывIащ республикэм и цIыхухэр медициндэ Iуэхутхьэбзэкlэ нэсу къызэгъэпэщыным епхаяр щIапхъэхэм. Къыхигъащащ медициндэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт езджапIэхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрызэмыгъэпэщащ. Къытеуыв1ащ жьыкIэфэкIэхэм, щIалэгъуалэм зэрадэпэкъын хуей щIыкIэм. Къардэным къельытэ а Iуэхуэгъэ гъэзэщIа зэрыхъунрэ республикэр федеральнэ программэхэм зэрыхьыхьэфым елъытагъ.

Морозов Виктори къельытэ республикэм щIыIэ зыгъэпсэхуплIэхэр тэмэму къамыгъэсэбэну, ахэр зыхуей хуэгъэзэн, ди республикэм къэкIуэнухэм папщIэ щIынагъуэщIагъэр къызэгъэпэщын хуейуэ. Абы зэрыжиIамкlэ, курортымрэ туризмэмрэ зэрыгъэзфIэкIуэну мыпхуэр къаугъуеин папщIэ ди щIыналъэм Iуэху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ иIапхъэу.

Шэт Ирмэ жиIащ узыншагъэр хъумэнымкlэ республикэм Iуэхущ1апIэ зэпэщхэр зэрыщыIэр. Псалъэм папщIэ, зыгъэпсэхуплIэу 5 ОМС-м зэрыхагъэхьам и фIыщIэкIэ ди цIыхухэм Iэмал яIэщ сымаджэщхэм зыщагъэхъужа нэужь, санаторэхэмрэ курортхэмрэ пщIэншэу я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжыну.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм я упщIэхэм жэуап ирата нэужь, Жанатаев Сэлим депутат хъуну хущIэкъуэхэм фIыщIэ яхуищIащ и Iуэху еплъыкIэр гурыIуэгъуэу, пыухыкIауэ зэрыщытам папщIэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Футбол

Гурыщхъуэ лъэпкъ фымыщI

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Спартак-Налщык» (Налщык) – 0:2 (0:1). Прогресс. «Биолог» стадион. Мэлыжьыхьым и 25-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Судьяхэр Недвижай (Ставрополь), Братченкэ, Клепцов (тIыри Дон Iус Ростов щыщщ).

«Биолог-Новокубанск»: Мишкевич, Корольков, Гудаев, Бастрон, Шмойлов, Акимов (Борисов, 90), Клюкин, Фаринов (Шупьженкэ, 90), Бакай (Арзуманян, 84), Галкин (Гаврилов, 67), Антипов (Кириченкэ, 57).

«Спартак-Налщык»: Антипов, Тебэрды, Мурачёв, Дашаев, Соблир, Дзыхьмыщ1 (Мэкъуауэ, 83), Гъурф (Крамаренкэ, 87), Балъкъар, Каркаев (Кузнецов, 78), Багъэтыр (ПIуп, 69), Гугуев (Семёнов, 89).

Топхэр дагъэкIащ: Соблырым, 8 (0:1). Гугуевым, 59 (0:2).

УРЫСEЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ гупым «Спартак-Налшыкымрэ» «Биолог-Новокубанск»-мрэ турнир таблицэм щаIыгъ уварIэр къэдкIэ зэщъхьэкI. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ ди щIалэхэм бжьыпэр кIыIыгъ, прогрессдэхэр иужь дыдэ уварIэм зэрыгъэжьыжьэ щыIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, абыхэм я зэIуIэр тынш хъуну зыми хуиГъэфащэртэкъым. Щхьэусыгъуэзэри мащIэу зэрыгъэужьыгъэ. Зэпхуэдизу, «Спартак-Налшыкым» иужьу иригъэкIуэкIа зэIущIитым я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм зы топи дигъэкIатэкъым. ЕтIуанэрауэ, «Биолог-Новокубанск»-м иджыри къэс 3 дэджагуати, зэт зэрыгъэкIуэфар, иужьым Налшык щыIэу бжьгъэр къызэIуамыхауэ зэбгъэдэкIыжат. Хьэлэмэтращи, «Спартак-Налшыкым» а зэIущIэхэм щыдигъэкIа топи 4-м ящыщу 3-р къызэхъулIар Гугуев Магомедт. Арат ди гупым и капитану зи гугъу тщIы джагуГъэм къихьари, ущыгугъ хъунут и ехьэлIэныгъэхэм пищэну. Апхуэдэуи къэхуауад.

«Спартак-Налшыкым» иебгъэрыкIуэныгъэ пъэщхэмкIэ джагум щIидзащ. Я щхьэр здахьынур ямыщIэу хэгъэрейхэр къэнат. Абыхэм дакъыкIий къудейкIэ я гъуэр яхъумэфауэ аращ. ИтIанэ Гугуев Магомед ижьырабгъумкIэ къыщыхита топыр Соблыр Астемыр Iэзэу дитъэкIащ.

ПсынщIэу ехьулIэныгъэр зыIэрыхьа налшыкдзсхэм яebгъэрыкIуэныгъэхэр къагъэтIэсхъакъым. Арщхьэкlэ бжьыгъэр щагъэбэгъуэфар загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэщ. Багъэтыр Альберт и хьэрхуэрэгъуэхэм я1щIэкIыу къызыкIуэщрыуа топыр Гугуевым зидзри, дахэ дыдэу щхьэкIэ гъэм дигъэжащ. Абы иужькIэ псори гурыIуэгъуэт - «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр зыIэщигъэкIынутэкъым.

Джэгур иухащ 2:0-у. Абы и фIыгъэкIэ дг щIалэхэм я тегушхуэныгъэми хэхъащ, кьадэщIхэми дрэжэгъуэ яГуэтыжащ. Иужьрей зэIущIитым зэрыщытемыкIуэфам псальэмакъ куэд къишат. Гурыщхъуэ зыщIаи щыIэт япэ дивизионым зэрыхэтэн зыгъэ мыпъку зэримыIэм къыхэкIыу «Спартак-Налшыкым» бжьыпэр иутIупщыну. Иджы апхуэдэхэм я гур мащIэу сэбырыкынщ.

Ди къуэш адыгейхэми я Iуэхуэр зэфIэувэж хуэдэщ. Абыхэм я «Дружба» командэр хьэщIапIэ щIиIэу «Краснодар-2»-м къыхиГъэщIэфакъым.

Зэкlэ диутIыпщыну хуейкъым «IэфIыпсым». Гугуевхьышхэу дехьами, абы хуэзфIэкIащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-р хигъэщIэну.

Нэзрэн щIыIэ я стадионырапIэкlэ зэрызэхуащIам къыхэкIыу зи чэзу джагуГъэр Налшык щезыгъэкIуэкIа «Ангушт»-м «Динамо-Ставрополь»-р кърилъэблэгъат. Бжьыгъэр къызэIуамыхауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхъэзэхуэм хыхьэу зэхэта джэгуГъуэм къриКIуа бжьыгъэжьм. Мис ахэр: «Алания» (Владикавказ) - «**Тэрч-2**» (Грознэ) - **1:0**, «**IэфIыпс**» (IэфIыпс) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) – **1:0**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **2:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **3:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:0**.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхъэзэхуэм хьыхь къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» и Iэмалыкъуэ зэрыщыIэм. Ар ирагъэблагъэнущ зэпеуэм и кIэух уварIэм зэрыщытам щIэуэ щIыкIэ «Астрахань» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэжыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык»**	**21**	**16**	**4**	**1**	**33-6**	**52**
2.	«IэфIыпс»	21	14	3	4	32-20	45
3.	«Краснодар-2»	21	12	4	5	43-21	40
4.	«Черноморец»	21	10	5	6	28-20	35
5.	«Ангушт»	21	8	7	6	17-15	31
6.	СКА	21	8	4	9	24-20	28
7.	«Динамо-Ставрополь»	21	7	7	7	26-23	28
8.	«Тэрч-2»	21	7	6	8	31-25	27
9.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	21	7	4	10	17-26	25
10.	МИТОС	21	6	4	11	24-34	22
11.	«Астрахань»	21	5	5	11	21-33	20
12.	«Алания»	21	4	7	10	14-29	19
13.	«Биолог-Новокубанск»	21	4	6	11	13-31	18
14.	**«Дружба»**	**21**	**4**	**4**	**13**	**17-37**	**16**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Иджы ди деж къэса?

● Беларусь

Иджыблагъэ ди гъунэгъу щIыналъэм къикIащ урысейхэр хэзыгъэгупсысыхьа хъыбар: Беларусым и президент Лукашенкэ Александр Iэ тридзащ пенсэ щыкIуэ ныбжьым хэгъэхъуэным теухуа унафэм. Ар илъэсищкIэ нэхъ кIыхь мэхъу: цIыхубзхэм я бжьыгъэ лей 58-м, цIыхухъуэхэм - илъэс 63-м нос. Араущ, совет республикэхэм ящыщу Урысейм и Узбекистанымрэ я закъуэу 1932 гъэм къыщегъэжьауэ пенсэ щыкIуэ ныбжьым зыщимыIэтауэ къэнэжар.

«Илъэс 60 зи ныбжь цIыхухъуэр шым хуэдэщ»

Беларусым мы Iуэхум куэдрэ щегупсысащ. IэщIагъэлIэхэм, цIыхубзэм щечэнджащ. ИкIэм-икIэжьм президентыр тегушхуэщ: иджы 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ пенсэ щыкIуэ ныбжьым илъэс хъэ мазихкIэ зиIэтынущ.

Беларусым и Iэтащхьэм мы унафэр экономикэ гугъуехьхэм къыхэкIауэ жиIащ. Абы тегъэщIапIэ ищIащ бюджетым ахъшэ зэримылъыр, демографие щытыкIэр (пенсионерхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу).

- Илъэс 55-60 ныбжьым ит цIыхум и къарурилъыгъуэщ, - жиIауэ щытащ Лукашенкэ гъатхэпэм (езыр мы гъэм илъэс 62-рэ ирикъунущ). - «Уфыцызыжьщ, упенсионеркэщ», - жепIэмэ, цIыхубзым и жагъуэ ищIынущ! Ауэ дяпэкIи лэжьэну зэрыхуэдгъэлъагъуэу Iуэхур нэгъуэщIу къыщIедз. ЦIыхухъуэхэри аращ. Илъэс 60 зи ныбжь цIыхухъуэр шым хуэдэщ. Абы уривэ хъунущ, пхъэIэщитI кIэрыщIауэ.

Минск, уеблэмэ мыпхуэдэу щагъэIуауэ щытащ: Урысейм рэ Беларусымрэ я унафэр зы махуэм къащтэнущ. Апхуэдэу хъуакъым. Ауэ, итIани, Iэщ1агъэлIэхэм къальытэ Урысейми зимыгъэгувну.

Мис абы щыхьэт техъуэ бжьыгъэхэр: къэралым илъэс къэс пенсэхэр тыным трегъэкIуадэ сом триллиони 6-м щигъу. Абы щыгъуэми, зэхуахьэсыфыр триллиони 4-м нэблагъэ къудейщ. А ахъшэр дызыгъэлажьэхэм ди улахуэхэм хагъэкI. Зэрытлъагъущи, адрейр къэралым кьыбгъэдокI. Илъэс къэс нэхъыбэ токIуадэ (пенсионерхэм я бжьыгъэм хохъуэ гъэ къэс минищ зыбжанэкIэ), арщхьэкIэ кризисыми я зэманым улахуэхэр йохуэх. Уеблэмэ, лэжьыгъэ къезытхэм улахуэхэр щIауфэ. Абы Iуэхур нэхъ гугъуж ещI.

- Пенсэ щыкIуэ ныбжьым хэгъэхъуэным теухуа унафэр щIагъэкъым, ауэ фIэкIыпIэ зимыIэщ икIи ар къащтэнущ, - жиIащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Улюкаев Алексей. Ар дыгъащ Минфиным и Iэтащхьэ Силуанов Антонрэ вице-премьеру щыта Кудрин Алексейрэ.

Правительствэм хэтхэм къальытэ мы Iуэхум 2019 гъэм нэхърэ мынэхъ кIасэу яужь ихьэн хуейуэ: илъэсищ пIалъэр урысейхэм ярикъунущ къэралыр фIэкIыпIэ имыIэу абы зэрыхуэкIуэнум теухуа гупсысэм есэныжмкIэ. Улюкаевым и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыхухъуэхэри цIыхубзхэри зэхуэгъэдауэ пенсэ щыкIуэ ныбжьыр илъэс 63-рауэ яхуэгъэувын хуейщ.

Иджы псори зэлъытар президентырщ.

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

НэгъуэщIым и унэцIэкIэ...

ЩIэпхъаджащIэр илъэсиплIкIэ лъэхъуэщым исащ и классэгъуэ щытам и унэцIэр зэрихьэу

Свердловск областым щыIэ Реж къалэм щыпсэу Столяров Денис къыщыхъурт Тхьэр кьебгауэ: илъэс 28-рэ зи ныбжь щIалэм илъэситI хъуауэ лэжьапIэ игъэтыртэкъым. Абы щыгъуэми, гуущI зэпыгъэвэнымкIэ Iэщ1агъэлI гъэзэщIэт! Арщхьэкlэ псоми зыкъыпIуIуэдзыр. И щхьэусыгъуэри къыжраIэртэкъым. Языныкъуэхэм зыкъыпхасIэуKIт: «Слюжь, уэ езым кхьбгурыпIуэу ара?» Столяровым къыгурыIуэртэкъым. ИтIанэ щыпсэу щIыпIэр ихьуэжащ.

- Сэ нэгъуэщI фэтэр сыIэпхуащ. Пацтурт стIолым сыкIуащ. Абы къыщыхэжаIащ: «Иджыблагъэ уи цIэмкIэ нэгъуэщI паспорт ттащ», - игу кьебгэкIыж Денис. Иужькlэ Полицэм къыщысщIащ сэ илъэсиплI хъуауэ... лъэхъуэщым сызэрисыр!

Денис кхьрагъэлъэгъуащ нэгъуэщI цIыхум иджыблагъэ ирата паспортым и копиер. Столяров нэпцIу къыщIэкIар щысабийм абы и ныбжьэгъуэ Ястребов Антонщ. Ахэр зы пщIантIэ дэсащ, зы класс щIэсащ, нэкIуэкIи зэщхь хуэдэт. Я анэхэр зэнжьбжьгъуфIт. Школ нэужьым Денис и иджырей Iэщ1агъэм хуеджащ. Ястребовыр гуп мыхъумыщIэ хэхуащ. 2012 гъэм Антон нгъэкъуэншащ зэрыхъунщIамкIэ, гупым хэту цIыхубзым лей зэрырихамкIэ. Абы и пэкIи щысат. Ястребовым къыгурыIуащ суд инафэр нэхъ щабэ хъун папщIэ щIалэ жьIэщIэу икIи нэхъапэм хабзэм емыбжьхуауэ - щысабиям и ныбжьэгъуэ мис а Денис хуэдэу - зыкъыщIригъэдзын зэрыхуейр. Зэраубыдуа абы жиIащ паспортыр фIэкIуэдауэ. И ныбжьэгъуэ щытам и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, уеблэмэ, ар щатха унэр яжриIащ. Iуэхур зэхэзыгъэхэзам ар яфIэщ хъуащ. Арати, Ястребовым суд тращIыхьащ Столяровым и унэцIэмкIэ.

Иужькlэ лъэхъуэщым ису Антон лъэIу итхащ Денис и цIэкIэ паспорт ятратыну. КъулыкъущIэхэм ар щIыхуамыщIэн щхьэусыгъуэ ягъуэтакъым.

ЩIэпхъаджащIэм и анэр фIы дыдэу щыгъуаззэт и къуэм зэхищIыхьам, арщхьэкIэ иджыри Столяровхэ якIэлъыкIуэрт.

- А цIыхубзыр си адэ-анэм я бжькIуэрейт, сыт щыгъуи къащыгуфIыкIырт, - къеIуэтэж губжьауэ Денис. - Къыщалъхуа махуэм иращIэкI гуфIэгъуэм дыхэтыну дригъэблагъэрт. Иужькlэ пэжыр къыщысщIам къызжиIащ: «Къыптхуэгъуэ сэри си къуэми».

Иджыблагъэ судым икъутэжащ Столяровым теухуауэ къыщта унафэр. Денис хэй хьужащ.

И «щIаджэгъур» лъэхъуэщым исыхукIэ Денис фыз къишащ, пхъу къыхуалъхуащ.

- «Сыщысауэ» къыщищIэм си щхьэгъуэгъэ икIыж пэтащ, - мэдыхьэшх Денис, - Сэ сыт хуэдэ статья шынагъуэхэмкIэ сагъэкъуэншэрэт! Си щыкIу анэм и фIэщ сыхъужьыртэкъым. Абы суд унафэр езгъэлъагъун хуей хъуащ.

Денис иджы и мурадщ и ныбжьэгъуари, полицэри, паспорт стIолри, уеблэмэ щIэпхъаджащIэм нэгъуэщI унэцIэкIэ зыгъэтIыса хьэкумэщIэхэри игъэкъуаншэу судым зыхуигъэззэну.

Езы Ястребовым уголовнэ жэуап ихьынукъым зэхищIыхьам папщIэ - абы паспорт нэпцI ищIакъым! Ауэ и ныбжьэгъуу щытар бэлыхь зэрыхигъатам папщIэ ахъшэ иритыну ирахуплIэнкIэ хъунущ.

ЛЯПИН Роман.
«Комсомольская правда»

Щэхухэр куэд мэхъу

● Тетыгъуэр зейхэр

Елизаветэ ЕтIуанэр Инджылызымрэ Ирландие Ищхъэрэмрэ я пащтыхыщ (абыхэм яхэгъэхьэж Австралием къыщегъэжьауэ Ямайкэм нэс щыIэ къэрал 15-р). Мэлыжьыхьым и 21-м зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа а бзылъхугъэр анэщ, анэшхуэщ, анэшхуэм и анэщ. Къыщалъхуа махуэм къыдэкIуэу абы егъэлъапIэ нэгъуэщI юбилейхэри: и щхьэгъусэ герцог Эдинбургскэр илъэс 95-рэ, и хьэгъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIрэ илъэс 70, пащтыхыныгъэр зэрыIэрыхьэрэ илъэс 65-рэ зэрырикъур. Ауэ абы къегъэщIылIа Iуэху псори фIы защIэ? «Зауэ щIыIэм» и зэманым Кремлым Виндзорхэ я унэм хуэгъэза Iуэху иригъэкIуэкIыу щытащ. «Унэ» щIэр фIащауэ. Ди тIасхъэщIэхэм куэд къахутэфащ.

ФIыуэ илъагъуэ къишэн папщIэ

- Инджылызым щыIэжьа ди тIасхъэщIэхэм ятеуха тхьылъыр 90 гъэхэм я пэщIэдзэм щызэгъэхьэзырым генерал-лейтенанту КГБ-м хэта Питюбранов Евгений сеупщIащ «Унэ» Iуэхум и жэрдэмщIакIуэу щытамкIэ, - къеIуэтэж тхакIуэ цэрыIуэ, щэхурылажьэ Iэнатlэхэм я тхыдэжьк Соколов Геннадий. - Питюбранов жэуап къызитащ: «Ар зи жэрдэмщи Сталиныр. Ар хуейт Гитлер и бзэгузехьэу щыта (дэ ар тщIэрт) инджылыз пащтыхым къеГъэщIылIа цIыхухэм ди тIасхъэщIэхэр яхэдгъэпшэхьуэну».

- Пащтыхьыр нацист шпионыи?!

- Питюбранов жиIэр ищIэжыр: Сталиным и зэманым ар СССР-м къэрал шынагъэншаджэмкIэ и министрым и къуэдзэу, совет тIасхъэщIэх Iэнатlэм и унафэщIу щытащ. Эдуард Еянэр нацист Iуэху еплъыкIэхэм зэрыдиихьэхьм Кремлыр щыгъуазэт. Сталиным идэнэтэкъым Лондонрэ Берлинрэ гъунэгъу зэхуэхьуу. Арати, Инджылызым къыщыхутащ ди «уардэунэ шпионхэр». Япэр Британием пащтыхьыгъэгъуэ щызыIыгъ Уоллис и Iыхьлы, 1937 гъэм ди тIасхъэщIэхэм зыхаша Блант Энтонит.

Ауэ Эдуард Еянэм зыри пэмыльауэ, езым пащтыхьыгъуэр зыIэщIихащ. РадиокIэ жиIащ: «Сэ пащтыхьым и кIалэнхэр схуэгъэззэщIэнукъым, фIыуэ слъагъуу щIыхьэшу къыздэмыIэпыкIуу». Эдуард фIыуэ илъэгъуат американкэ Симпсон Уоллис. Пащтыхьыльэ зэрыщIэмытым и мызакъуэу, ар икIи япэкIэ тIэунейрэ дэкIуат, фыз зиIэ цIыхухъэхэм, абыхэм нэмыщI лЫкIыуэ Лондон щыIэ, иужькlэ ещанэ рейхым нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министр хъуа фон Риббентропи яхэту, я щIасэ цIыхубзуи щытат. Зэман дэкIри, ФБР-м езым и агентым къыхуиIуэтар хIуцIыIу ищIауэ щытащ: «Инджылызым щыщIыIэм Риббентроп мяхуэ къэс удз гъэгъа 17 Симпсон Уоллис хуигъэхьу щытащ. Ахэр 17-рэ зэгъусауэ къыщIэкIынущ».

Хэплъыхьышхуэ зыщI, Великобританием и пащтыхьым и щхьэгъусэ апхуэдэ цIыхубзым зэрымыхъуфIыныр гурыIуэгъуэт. Правительствэм Эдуард хэдэну хуигъэващ: е пащтыхьу ущымытын е уэзгъэкIуэр хэлъэшэн. Абы етIуанэр къыхихащ. Мис а 1937 гъэм хьэгъуэлIыгъуэм иужькIэ ар Уоллис и гъусэу Германием щыIащ икIи Гитлер хуэзащ.

1940 гъэм Британием и тIасхъэщIэх Iуэхуэщ1апIэм, МИ5-м, нэмыцхэм Эдуард Португалием ирашу Берлин яшэным теухуа «Уилли» Iуэхуэр зэрагъэхьэзырыр (абы Iэ трагъэдзэнут сепарат мамыр зэгурыIуэныгъэм) къыщIа иужь, инджылызхэм ар Багамхэм губернатору ягъэкIащ зауэр иухыху щыIэну. Черчилль, уеблэмэ унафэ яхуищIат, яIащIэкIыну хуежьэмэ, Эдуард яукIыну.

Мис апхуэдэ адэ къуэш иIащ къыщыдахуа махуэр иджы зыгъэпIапIэ Елизаветэ ЕтIуанэм. Ауэ езым ар хуэгъуэрлащ. Пащтыхьыгъуэр Эдуард Iэщ1акIа иужь, абы и пIэ иува Елизаветэ и адэ Георг Еханэр зэрыпIэу тетыгъуэр езым Iэрыхьащ.

Франджыр яритащ

- Кремлым и тIасхъэщIэх Блант Энтони пащтыхьыр зэрышпионыр белджылы зыщI хъыбар псом япэ къыIэрыхьащ, - къеIуэтэж Соколов Геннадий. - Зауэр щиух дыдэм Георг Еханэм абы щхьэу къалэн щищIащ и къуэш Эдуардрэ Гитлерэ зэхуэтхауэ щыта письмохэр къигъэтыжу Лондон къишэжыну. Фюрерым къигъэгуГат, Инджылызым текIуэмэ, Эдуард пащтыхь ищIыжыну. Арати, герцогым Гитлер хигъэгъуэзащ къэрал щэху зыбжанэм. Мис телъыджэ дыдэр. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щIидзэ иужь генерал-майор яцIри, герцог Виндзорскэм и пащэ далъхьащ Инджылызым къыкъуэт Франджым Iэщ1кIэ зэщIэуэзда и къарухэм пыщIэныгъэ хуаIэныр яззэригъэпэщыну. Ар и н д ж ы л ы з х э м и франджыхэми я дежкIэ удын хьэлъэу къыщIэкIащ. Гаагэ щыIэ нэмыцэ лЫкIуэм Эдуард хуиIуэхуащ къэрал зэкъуэтэхэм я къару нэхъыщхьэр Бельгием зэрыщIэзэщIагъэуIуэр - а къэралымкIэ Германиер Франджым и щIыналъэм ихьэным пэплъэрт. Ар къыщIа иужь Гитлер и мурадхэр ихъуэжащ: цIын нэхъыщIыхэр хуигъэзащ къарруушхуэ здэщымылэ Арденнхэм. Франджым зитащ тхъэмахуэ зэхуакуих нэхъ дамыкIыу. Герцог Виндзорскэм и епцIыжьмыгъэхэм ижь хуабжу щIихуащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и екIуэкIыкIам. Нацистхэм яхуэлажьэрт Эдуард и щхьэгъусэри.

1947 гъэм пащтыхьым и унафэкIэ Блант Голландием и пащтыхь гуащэ Вильгельминэ и деж кIуаш Виндзорхэм я напэр тезых тхыгъэхэр архивхэм къыхирагъэхьыну. Блант къыгъуэгъэ занщIэу хэIуцIыIу ящIамэ, къыгурэшуэ дыдэ къэхъеинут. Абы езы пащтыхь унагъуэри здихьынкIэ хъунут. Арщхьэкlэ СССР-м и унафэщIхэр хуеякъым пащтыхь унагъуэм и фитIнагъэр хэIущIыIу ящIыну.

- Блант зыхуэлажьэр сэтей къэхуну къыщIэкIыкIат.

- Араущ. 1964 гъэм хэкIэрэхуэ иужькIи абы, уеблэмэ зыгъэркIэ зэран хуэхъуну Iэхъу ямылэжьыну зэгурыIуащ. Елизаветэ цIыху Iейуэ къыщIэкIакъым. Абы Блант иригъэжьажьам ар Кремлым и агенту зэрыщытыр сэтей къащIа иужькIи. Елизаветэ щыгъупщатэкъым Энтони езым и адэм къыхуищIа Iэхъутхьэбзэр.

Щэху дыдэщ

- Елизаветэ ЕтIуанэр унагъуэкIэ насыпыфIэу щыта?

- И щхьэгъусэ принц Филипп 80 гъэхэм пащтыхь унагъуэм и биограф Бутройд Бэзил и деж зыщиумысыжауэ щытащ Елизаветэ фIыуэ зэрямылъагъумкIэ: «Сэ фаныгъэным щхьэпажьэ сищIат. Сэ зэи щхьэегъэзэпIэ сиIатэкъым. Илъэсий ныбжьым къыщыщIэдзауэ си хэщIапIэу щытар школхэмрэ къхъухэмрэт».

Дауи, Елизаветэ къыгурыIуэу къыщIэкIынут Филипп ар фIыуэ къызэримылъагъуэр. Ауэ ар хуабжу итхьэкъуат алыдж ринщым. «Ар нэгъуэщI дуней къикIат, - игу кьегъэкIыж герцогиня Мальборо. - Арат Елизаветэ дзэныхэар. ИкIи, дауи, Филипп зэрыщIалэ екIур. Дахащэт ар!»

Алыдж пащтыхьыгъуэр зыIэщIыхьэн хуей Филипп Iэпкъльэпкъ зэкIужкIэт. Арскандинавым ещхьыркъабзэт. И адэмкIэ абы и благъэт Дание пащтыхьыгъуэр, и анэмкIэ ягухьэт Баттенберг-Маунтбаттен лъэпкъыжьым щыщхэм. ЩыэрыщIуахэм Елизаветэ и щхьэр 13, щIалэр илъэс 18 хьурт. Ахэр зэрышащ Елизаветэ и ныбжьыр илъэс 21-рэ ирикъуа иужь. Арщхьэкlэ блэкIа лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым къыщыщIэдзауэ зэIэхэфыным хуэдэу зэхуущIыжакъым.

Мыри гъэщIэгъэнущ. Инджылызым щызекIуэ хабзэхэмкIэ пащтыхь унагъуэм и архивыр илъэс 30-кIэ щэхуу яхъумэн хуейщ. Арщхьэкlэ Елизаветэ и щхьэрыпхъэжьэ IэхуущIапIэм абы къыхихащ дунейм къытебгъэхьэ мыхъуну файл щхьэхуэхэу 27-рэ, Парламентым и унафэкIэ ахэр илъэсищкIэ яхъумэнущ.

«Бомбэм хуэдэу щынагъуэщ»

- 40 гъэхэм я кIэухым, 50-хэм я пащIэдзэм инджылыз лакъуэлIэшхэр къаноу щымыIэу дихьэхауэ щытащ порнографием. Ахэр тезыхьыр пащтыхь унагъуэм и сурэтех Нейхум Бэрэнт. Пащтыхьым и щхьэгъусэми и куэдт цыху пцIанэхэм траха сурэтхэр. Иужькlэ ахэр унагъуэм и дохутыр Уард Стивен Iэрыхьащ, - къеIуэтэж Соколов Геннадий. - Лондон щыIэ ди тIасхъэщIэх Иванов Евгений ныбжьэгъу зыхуищIащ Уард. Иужькlэ МИ5-р апхуэдизу зыщыщынэ порноальбомыр Москва къыщыхутащ. Нейхум Бэрони, Уард Стивени, абыхэм къраджэу щыта хьыджэбзхэм я зэхуэдитIри мащIэу лIащ, къызыхэкIар ямыщIэу...

- Сурэтхэр дэнэ здэкIуар?

- Ахэр иджыри къагъэсэбэпаркым икIи бомбэм хуэдэу щынагъуэ: напэтех сурэтхэм я къарыщыр Елизаветэ и щхьэгъусэ герцог Эдинбургскэрщ. Европэм и пащтыхь унагъуэ нэхъыжь дыдэм щыщыIащ. Адэкlэ уэ егупсысыж...

ЧЕРНЫХ Евгений.
«Комсомольская правда»

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**